



Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 230 MILYON DOLA NAN ASISTANS ALIMANTÈ SIPLEMANÈ POU NOUYÒKÈ YO NAN MWA JANVYE A

Tout fwaye SNAP yo pral resevwa nivo avantaj alimantè maksimòm

Plis pase 2.77 milyon Nouyòkè konte sou sipleman an pou sivil

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke tout Nouyòkè ki enskri nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) a ap resevwa nivo avantaj alimantè maksimòm ki otorize a pou mwa janvye a. Tout fwaye k ap patisipe nan SNAP—sa gen ladan sila yo ki deja nan nivo avantaj maksimòm—pral resevwa alokasyon siplemanè pita nan mwa sa a, sa ki pral mennen nan anviwon 230 milyon dola finansman federal nan ekonomi eta a.

"Pandan n ap kontinye andire difikilte pandemi an yo, twòp Nouyòkè gen difikilte pou yo sivil", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avantaj alimantè siplemanè sa yo pral jwe yon wòl enpòtan nan elimine ensekirite alimantè atravè Eta a. Pandan sezon ivè a ap mete presyon sou bidjè fanmi yo, lajan SNAP siplemanè sa yo pral bay soulajman ki nesèsè anpil".

Sipleman èd ijans lan bay ak fwaye yo ki pa nòmalman resevwa alokasyon maksimòm ki otorize chak mwa nan SNAP - yon pwogram ki finanse pa gouvènman federal epi se Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) eta a ki administre li. Fwaye sa yo ki deja toupre oswa nan nivo maksimòm avantaj la --835 dola pou yon fwaye pral resevwa yon peman siplemanè omwen 95 dola.

Fwaye SNAP k ap viv nan tout konte ki andeyò Vil New York yo ta dwe wè avantaj sa yo ki afiche ant mèkredi 12 janvye ak fen vandredi 21 janvye. Fwaye SNAP sa yo k ap viv nan rejyon senk konte Vil New York la dwe wè avantaj pa yo efekte ant samdi 15 janvye ak fen mwa a.

Nouyòkè ki gen difikilte yo kontinye depann de SNAP la anpil pandan pandemi COVID-19 la kontinye afekte lavi chak jou. Nan premye mwa yo apre kòmansman pandemi an nan mas 2020, New York te konstata yon gwo ogmantasyon nan enskripsyon SNAP la.

Monte inisyal la te rete pwolonje epi kantite benefisyè yo rete apeprè kote yo te ye nan fen vag inisyal la, ki pi wo anpil pase nivo anvan pandemi an. Apati novanm 2021, te gen apeprè 1.6 milyon fwaye ki bay yon total 2.77 milyon Nouyòkè ki t ap resevwa avantaj SNAP.

Komisè Pa Enterim OTDA, Daniel W. Tietz, te deklare, "Nou pa kapab estime twòp gwo enpak avantaj alimantè sa yo te genyen sou fwaye New York yo. Avantaj siplemantè ke fwaye SNAP yo te resevwa depi kòmansman pandemi an te ede plizyè milyon Nouyòkè evite ensekirite alimantè ak siviv pandan ijans sante piblik aktyèl la".

Menm jan pou mwa ki pase yo, peman yo ap fèt dirèkteman sou kont Transfè Elektwonik Avantaj (Electronic Benefit Transfer) benefisyè yo deja genyen an epi y ap kapab itilize l avèk kat EBT yo deja genyen an. Menm jan ak avantaj nòmal SNAP yo, avantaj siplemantè yo ka sèvi pou achte manje nan magazen ki vann manje an detay ki otorize yo. Tout avantaj SNAP ki pa sèvi yo ap otomatikman rapòte nan pwochen mwa k ap vini an.

Avantaj SNAP yo jwe tou yon wòl enpòtan nan rekiperyasyon ekonomik New York, avèk chak dola federal ki envesti k ap jenere jiska 1.54 dola nan aktivite ekonomik, dapre yon [etid federal](#) ki mezire enpak SNAP sou ekonomi Etazini an. Etid la te jwenn tou ke 1 milya dola siplemantè ki envesti nan nouvo avantaj SNAP yo ka sipòte apeprè 13,560 travay nan tout peyi a.

Jwenn plis enfòmasyon sou avantaj siplemantè SNAP pou ka dijans yo, ansanm ak repons pou kesyon moun poze souvan yo, isit la. Nouyòkè yo kapab verifye si yo elijib pou SNAP epi aplike sou entènèt lè yo ale sou mybenefits.ny.gov.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418